

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina bab IV, aya opat hal nu jadi kacindekan dina ieu panalungtikan patali jeung harti idiomatis dina paribasa Sunda milaku.

Kahiji, harti idiomatis dina paribasa Sunda milaku teu bisa dihartikeun sacéréwéléna nurutkeun harti sajalantrahna. Lian ti éta, aya ogé harti léksikal atawa harti saujratna nu dihartikeun nurutkeun harti kamus tina kekecapan nu ngawangun ungkara paribasa Sunda milaku. Ari paribasa Sunda milaku nyaéta paribasa anu raket patalina jeung laku lampah manusa dina hirup kumbuh sapopoé. Tina hasil analisis jeung déskripsi data, harti léksikal dina paribasa Sunda milaku réréana teu aya kakaitanna jeung harti idiomatisna. Sanajan aya kekecapan nu ngabandingkeun kana harti idiomatisna, tapi lamun disambungkeun jadi hiji kalimah moal bisa ngahartikeun paribasa kalawan merenah. Ieu hal lumaku ka sakabéh paribasa Sunda milaku anu teu bisa dihartikeun sacéréwéléna dumasar harti léksikalna.

Kadua, dumasar wangunna ilaharna paribasa winangun kalimah miklausa, ngawengku paribasa salancar jeung paribasa ngantét. Paribasa Sunda milaku wangun salancar diwangun ku hiji klausa sarta sakurang-kurangna ngandung caritaan (C) boh dibarengan ku jejer (J), udagan (U), jeung katerangan (K) boh henteu. Tina 113 data paribasa Sunda milaku wangun salancar, réréana mibanda pola J+C+U, nu jejerna (J) nuduhkeun naon-naon anu diomongkeun, caritaan (C) nuduhkeun naon-naon anu dicaritakeun ngeunaan jejer, jeung udagan (U) nuduhkeun anu ngarandapan tina caritaan.

Ari paribasa Sunda milaku wangun ngantét ilaharna diwangun ku dua klausa atawa leuwih. Tina 85 data paribasa Sunda milaku wangun ngantét réréana diwangun ku dua klausa. Masing-masing paribasa Sunda milaku wangun ngantét réréana ngandung caritaan (C) anu nuduhkeun kalakuan atawa kaayaan boh dibarengan ku jejer (J) boh henteu.

Jaba ti éta, kapanggih opat hal anyar patali jeung pangaruh wangun paribasa Sunda milaku kana hartina, nyaéta (1) wangun paribasa Sunda milaku anu pondok hartina déét (48 data), (2) wangun paribasa Sunda milaku anu pondok hartina jero

(65 data), (3) wangun paribasa Sunda milaku anu panjang hartina déét (19 data), jeung (4) wangun paribasa Sunda milaku anu panjang hartina jero (66 data). Tina sakabéh data, réréana mibanda wangun anu panjang sarta mangaruhan harti. Ieu hal lantaran ajén filosofis anu dikandung ku kekecapanana katut harti idiomatisna. Ari pangaruh wangun anu pondok ditandaan ku babandingan tina kekecapanna hungkul.

Katilu, maksud anu dikandung dina paribasa Sunda milaku lolobana nyaéta piluangeun atawa wawaran luang (103 data). Ieu hal lantaran paribasa Sunda milaku raket kakaitanana jeung pangalaman katut laku lampah manusa anu geus lumrah di masarakat. Urutan kadua nyaéta anu mibanda maksud pituah atawa panyaram lampah salah (74 data) jeung urutan katilu nyaéta anu mibanda maksud paréntah atawa pangjurung laku (21 data).

Kaopat, paribasa Sunda milaku raket kakaitanna jeung unsur-unsur budaya nu bisa diulik ku étnolinguistik. Unsur budaya dina paribasa Sunda milaku ébréh jeung ditandaan ku kekecapan atawa eusi paribasa anu nyoko kana tujuh unsur budaya, di antarana waé, (1) sistem réligi anu nyoko kana kapercayaan, takdir, ibadah, sarana agama, *muamalah*, ngaran bulan Islam, jsb. (16 data), (2) sistem basa anu nyoko kana unsur kabasaan patali jeung komunikasi, paripolah basa, kasopanan, jsb. (15 data), (3) sistem kasenian anu nyoko kana unsur kasenian patali jeung alat seni, paripolah seni, harmonis seni, ahli seni, jsb. (8 data), (4) sistem kamasarakatan anu nyoko kana unsur kamasarakatan patali jeung hubungan sosial, kagiatan sosial masarakat, status sosial, jsb. (59 data), (5) sistem pacabakan anu nyoko kana unsur tatanén (29 data), unsur ingon-ingon (31 data), unsur lalaukan (8 data), jeung unsur dadagangan (7 data), (6) sistem élmu pangaweruh anu nyoko kana unsur paélmu patali jeung widang élmu, ngulik élmu, alat ngélmu jeung mikir, jsb. (16 data), jeung (7) sistem pakakas jeung téhnologi anu nyoko kana unsur paninunan patali jeung pakakas tinun katut paripolah ninun (4 data). Jaba ti éta, aya ogé paribasa Sunda milaku anu ngandung unsur budaya leuwih ti hiji atawa campuran (5 data).

Sacara umum bisa dicindekkeun yén paribasa Sunda milaku téh raket patalina jeung laku lampah manusa dina hirup kumbuh sapopoé. Paribasa Sunda milaku ngabogaan dua harti, nyaéta harti léksikal jeung harti idiomatis anu teu aya kakaitanana. Dumasar wangunna, ngawengku paribasa salancar jeung paribasa

ngantét nu réréana mibanda wangun salancar kalawan pola J+C+U. Tina wangunna ogé bisa kapanggih pangaruhna kana harti. Maksud anu dikandung dina paribasa Sunda milaku réréana piluangeun, jaba ti aya anu maksudna pituah jeung paréntah. Ari unsur budaya dina paribasa Sunda milaku dicirian ku kekecapan atawa eusi paribasana, nyoko kana sistem réligi (kapercayaan), sistem basa (kabasaan), sistem organisasi kamasarakatan (kamasarakatan), sistem pacabakan (tatanén, ingon-ingon, lalaukan, dadagangan), sistem élmu pangaweruh (paélmuan), sistem pakakas jeung téhnologi (paninunan), jeung unsur budaya campuran saperti sistem réligi jeung sistem kasenian.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan bisa méré sawatara implikasi, saperti dina widang paélmuan jeung widang atikan.

Dina widang paélmuan, implikasina nyaéta ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun ngalegaan kaweruh patali jeung kabasaan, hususna ngeunaan paribasa Sunda milaku, nu ngawengku harti léksikal jeung harti idiomatis, pangaruh wangun paribasa kana harti, maksud anu dikandung, jeung unsur budaya dina paribasa Sunda milaku.

Dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa dijadikeun média pikeun ngatik urang Sunda kiwari sangkan tetep maké jeung ngamumulé kabeungharan pakeman basa, hususna paribasa Sunda dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep tuluy ngajembaran panalungtikan dina widang kabasaan, hususna ngeunaan paribasa anu bisa diulik ku ulikan séjén sarta bisa néangan data sacara langsung ka masarakat.
- 2) Pikeun siswa, mahasiswa, guru, jeung dosén ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan ajar jeung bahan bacaan patali jeung pangajaran pakeman basa Sunda.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa dijadikeun référénsi jeung padoman ngeunaan paribasa Sunda milaku.